# ndax xam ngeen kan mooy ki ñàkk?

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «ndax xam ngeen kan mooy ki ñàkk?" Ñu ne ko: ki ñàkk fi nun mooy ki amul dërëm te amul ay jumtukaay, mu ne: "ki ñàkk ci samaw xeet mooy ki ñëw bis-pénc indi ay julli ak woor ak asaka, mu ñëw fekk saaga na kii, tuumaal kee, tuur dereetu kii, dóor kee, ñu jox kii ci ay yiwam, jox kee ci ay yiwam, bu ay yiwam jeexee njëkk muy fay li ko war, ñu jël seen i ñaawteef sànni ko ko, topp ñu daaldi kay sànni ca sawara».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa laaj Sahaaba yi: ndax xam ngeen kan mooy ki ñàkk? Ñu ne ko: ku ñàkk fu nun mooy ki amul alal du caagine ay jumtukaay, mu ne leen: ki ñàkk ci samaw xeet ëllëg bis-pénc mooy ki ñëw ak ay jëfam yu baax julli ak woor ak asaka, mu ñëw fekk saaga na kii ŋàññ kee, tuumaal kii ci deram, lekk alalu kii ba noppi weddi ko, tuur dereeti kii tooñ ko, dóor kii doyadal ko, ñu jox ñi mu tooñ ci ay jëfam yu rafet, bu yu baaxam yi jeexee laat a muy fay àq yi tege ci kawam ak tooñaange yi, ñu jël bàkkaari ña mu tooñoon def ko ci téerey tooñkat bi, topp ñu jël ko sànni ca sawara ndax desewul dara lu baax.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee